

### Mizajou sou Akademik diran fèmti lekòl akòz Kowonaviris

Lekòl piblik Broward County, *Broward County Public Schools (BCPS)*, va kontinye fè mizajou enfòmasyon regilyèman sou fonksyonman, akademik, ak lòt sijè preyokipasyon anrapò ak fèmti lekòl akòz pandemi kowonaviris. Dokiman sa konsènen sèlman enpak sou etid akademik elèv.

Enfòmasyon adisyonnèl sou nenpòt sijè anrapò ak repons entèvansyon Distri a nan pandemi kowonaviris/COVID-19 disponib sou sit [browardschools.com/coronavirus](https://www.browardschools.com/coronavirus).

#### Ki kesyon ki adrese nan dokiman sa

1. Kilè se fen twazyèm *quarter* nèf semenn klas (marking period)?
2. Èske savledi aprantisaj ap sispann jiskaske elèv-yo retounen lekòl?
3. Kisa elèv ak fanmi-yo ta dwe fè kounyea menm?
4. E si pitit-mwen (elèv), bezwen yon konpitè?
5. E si lakay mwen nou bezwen koneksyon Entènèt?
6. E si piti-mwen (elèv) bezwen sèvis edikasyon spesyal Exceptional Student Education (ESE)?
7. E si pitit-mwen (elèv) bezwen sèvis bileng/ESOL (Bilingual/ESOL services)?
8. Kisa k'ap rive ak tès Leta ki obligatwa, tankou tès evalyasyon nòm Leta Florid ak ekzamen final (Florida Standards Assessments and End-of-Course exams)?
9. Kisa k'ap rive ak ekzamen Plasman Avanse (Advanced Placement), Cambridge (AICE) epi Bakaloreya Entènasyonnal (International Baccalaureate)?
10. E kalandriye ak dat ekzamen SAT ak ACT ki te plannifye pou pi ta nan ane sa?
11. Ki sa k'ap rive ak klas anwolman doub nan kolèj ak inivèsite?
12. Kisa k'ap rive estaj mwen oswa pwogram aprantisaj mwen?
13. Kijan mwen ka mande yon relvednòt (transkrip) pou aplikasyon kolèj, bous oswa pou lòt bi oswa itilizasyon?
14. E kondisyon ekzijib pou è sèvis kominotè?
15. Kijan nou ka ankadre aprenan ki jenn (jiska laj senkan)
16. Èske ane eskolè a ap pwolonje?

### 1. Kilè se fen twazyèm trimès nèf semen klas (third quarter marking period)?

- Twazyèm *quarter marking period*, ki te dwe fini le Jedi, 19 Mas, pwolonje kounyea **pou li fini twazyèm jou enstriksyon apre elèv-yo retounen** lekòl. Sa aplikab pou tout lekòl primè, midèleskoul, ayeskoul, Sant ak pwogram ayeskoul nan kolèj teknik.
- Pwofesè-yo pa bezwen soumèt nòt trimès la rive 19 Mas. Delè pou soumèt nòt se fen jounen twazyèm jou enstriksyon apre elèv-yo retounen lekòl.
- Pwofesè nan klas ak ekip spesifik va kolabore pou detèmine si ajisteman dwe fèt nan griy nòt selon kritè ki te pibliye anvan.
- Yo va enfòmè elèv-yo de tout ajisteman, jou yo retounen lekòl.
- Katriyèm quarter (fourth quarter) va kòmanse sou katriyèm jou enstriksyon lè elèv-yo retounen.

### 2. Èske savledi aprantisaj ap sispann jiskaske elèv-yo retoune lekòl?

- **NON.** Opòtinite aprantisaj ak sipò akademik disponib depi kounyea.
- BCPS va kòmanse aprantisaj ak enstriksyon le Lendi, 30 Mas.
- Pwofesè va bay klas fòmasyon pwofesyonnel epi anseye nan yon anvwonman vityèl adistans apati 20 Mas, 2020.
- Nou va bay enfòmasyon adisyonnèl pou pwofesè, elèv ak paran nan pwochen jou k'ap vini-yo.

### 3. Kisa elèv ak fanmi-yo ta dwe fè kounyea menm?

- Elèv ak fanmi-yo ta dwe asire yo ka konekte sou BCPS LaunchPad-yo.
  - i. Ale sou sit: [sso.browardschools.com](https://sso.browardschools.com)
  - ii. Antre nimewo idantifikasyon elèv (student number) kòm non itilizatè.
  - iii. Pou klas (grades) 3 – 12, itilize modpas (password) elèv-la te gen deja.
  - iv. Pou klas (grades) K – 2, itilize kat (4) chif PIN kòm modpas (password).
  - v. Plis enfòmasyon disponnib sou sit [browardschools.com/sso](https://browardschools.com/sso)
- Ale sou sitweb BCPS Learning Never Closes [browardschools.com/learningnevercloses](https://browardschools.com/learningnevercloses), ki bay enfòmasyon detaye sou jan pou kontinye aprann 24/7/365 (diran yon jou/sèt jou/365 jou).
  - i. Gen yon seksyon ak **lyen ki souliye** sou bò dwat, klike sou lyen rapid-sa-yo ki va mennen w nan resous pou paran, resous pou pwofesè, liv ak resous sipò pou CANVAS, ki se BCPS sistèm jesyon aprantisaj an liy.
  - ii. Anba paj-la ou va jwenn enfòmasyon espesifik pou chak klas (grade level), deziyasyon ak open resources (resous edikasyon).
- Download epi enstale jiska senk (5) kopi aplikasyon Microsoft Office suite **gratis** sou sit [browardschools.com/Page/38732](https://browardschools.com/Page/38732)

#### 4. E si pitit-mwen (elèv) bezwen yon konpitè?

- Pou sipòte aprantisaj elèv-nou-yo, Lekòl Piblik Broward County va distribye konpitè bay elèv le Vandredi, 20 Mas, apati, 8 AM rive 2 PM (uitè maten rive dezè lapremidi). Yap prete konpitè-yo.
- Paran/gadyen dwe ale nan lekòl pitit-li pou tcheke konpitè-yo. Lè paran ap vin chache konpitè a, Paran/gadyen va bezwen:
  - i. Prezante non itilizatè ak modpas elèv-la ke elèv-la itilize sou Entènèt (username ak password) oswa PIN (nimewo PIN).
  - ii. Konplete yon fòm pèmi (property pass) ak lòt fòm anvan ou asepte yon konpitè nan lekòl pitit-ou. Pou espedye pwosesis distribisyon konpitè, nou ankouraje paran/gadyen konplete fòm ki ekzijib sou Entènèt. Vizite sit [browardschools.com/bcpspropertypass](http://browardschools.com/bcpspropertypass) pou aksè nan fòm-yo.

#### 5. E si lakay-mwen nou bezwen koneksyon Entènèt?

- BCPS ap travay pou asire chak fanmi gen koneksyon Entènèt lakay-li. Pou atenn rezilta sa, BCPS Ofis Enfòmasyon & Teknoloji (BCPS Office of Information & Technology) ap kolabore ak founisè sèvis Entènèt nan bi redwi oswa elimine baryè finans ki ka anpeche fanmi gen koneksyon Entènèt.
- Comcast ofri plis kliyan potansyèl pwogram Internet Essentials-li pou fanmi ki elijib pou lench a pri redwi oswa gratis.
  - i. Nouvo kliyan ki elijib ka anrejistre sou Entènèt grasa telefòn selilè-yo, tablet oswa nan konpitè, sou sit [internetessentials.com](http://internetessentials.com). Sitweb ki aksesib gen opsyon videyo chat kote kliyan ka pale ak ajan sèvis kliyantèl nan langaj siy Ameriken.
  - ii. Gen yon dezyèm opsyon, kliyan ka kontakte sant apèl telefonik Internet Essentials. Gen de liy telefonik spesyal ak nimewo telefòn sa-yo:
    1. 855-846-8376 pou Angle
    2. 855-765-6995 pou Espayòl

#### 6. E si pitit-mwen bezwen sèvis edikasyon spesyal - Exceptional Student Education – (ESE)?

- Diran peryòd 16 – 27 Mas, lè BCPS fèmen, siveyans ak gad elèv va fèt nan lekòl sou sipèvizyon Distri a, pou pèsonnèl medikal ak sekouris, jan sa nesesè. Elèv sila va resevwa sèvis ESE.
- Konsèy ak oryantasyon, resous ak sijesyon, pou ankadre elèv ESE ou va jwenn tousa nan lyen “accordion” anba paj [browardschools.com/learningnevercloses](http://browardschools.com/learningnevercloses).
- Paran ka toujou jwenn aksè nan plan endividyèl pitit-li [Individualized Education Plan (IEP)] sou Entènèt. BCPS te voye yon lèt pou fè paran chonje fonksyon sa. Se sèl paran ki bay konsantman pou yo kontakte-yo pa imel oswa mesaj tèks ki te jwenn lèt rapèl sa. Paran ki pat janm bay konsantman pou gen fonksyon sa, ka mande kounyea pou yo aktivite fonksyon sa. Voye yon imel nan adrès elektwonik [edplanconnect@browardschools.com](mailto:edplanconnect@browardschools.com). Nou va verifye idantite selon pwosedi ki aplikab.

**7. E si pitit-mwen bezwen sèvis bileng/ESOL (Bilingual/ESOL services)?**

- Diran peryòd 16 – 27 Mas lè BCPS fèmen, siveyans ak gad elèv va fèt nan lekòl sou sipèvizyon Distri a pou pèsonnèl medikal ak sekouris, jan sa nesesè. Elèv sila va resevwa sèvis bileng/ESOL.
- Konsèy ak oryantasyon, resous ak sijesyon pou ankadre elèv Bilingual/ESOL ou ka jwenn tousa nan lyen “accordion” anba paj [browardschools.com/learningnevercloses](http://browardschools.com/learningnevercloses).
- Kominikasyon disponnib nan lang espayòl, kreyòl ayisyen ak pòtigè.

**8. Kisa k’ap rive ak tès Leta ki ekzijib, tankou tès, Florida Standards Assessments ak ekzamen final (End-of-Course exams)?**

- Tout tès ak ekzamen Leta anile pou ane eskòle 2019-20.
- Desizyon sou gradyasyon ak desizyon sou pwomosyon ki vledi chanje klas.
- Le 17 Mas, 2020, Gouvenè DeSantis fè plizyè annons anrapò ak tès, nòt, ak lòt kesyon konsènan edikasyon.
- Desizyon sou gradyasyon ak desizyon sou pwomosyon ki vledi chanje klas, desizyon-yo va baze sou kritè evalyasyon Distri a tabli paske kondisyon pou ekzamen Leta anile.

**9. Kisa k’ap rive ak ekzamen Plasman Avanse (Advanced Placement), Cambridge (AICE) epi Bakaloreya Entènasyonnal?**

- Li twò bonè pou nou bay yon repons definitiv sou kesyon sa. Elèv-yo va resevwa enfòmasyon ak direktiv presi de lekòl-yo, lè enfòmasyon an vin disponib.
- Chak founisè kourikoulòm ak tès evalyasyon va pibliye yon deklarasyon kijan li va modifiye direktiv ak kalandriye ki te deja pibliye.
  - i. College Board sou tès Plasman Avanse (AP): [bit.ly/2wcuJ70](http://bit.ly/2wcuJ70)
  - ii. Òganizasyon Bakaloreya Entènasyonnal (sig angle IBO): [bit.ly/38R1XGC](http://bit.ly/38R1XGC)
  - iii. Cambridge International (AICE): [bit.ly/38Up03b](http://bit.ly/38Up03b)

**10. E kalandriye ak dat ekzamen SAT, ACT ki te plannifye pou pi ta nan ane sa?**

- Se vandè konsène swa College Board swa ACT, ki reglemante ekzamen preparasyon pou kolèj. Chak vandè va bay enfòmasyon sou kote ekzamen-yo va fèt epi si ekzamen an ap fèt vreman.
- Enfòmasyon College Board sou sit: [bit.ly/38SSkaf](http://bit.ly/38SSkaf)
- ACT, Inc. sou sit: [act.org](http://act.org)

### 11. Kisa k'ap rive ak klas anwolman doub nan kolèj ak inivèsite?

- Pifò kolèj ak inivèsite piblik ki gen kontra anwolman doub ak BCPS ofri kounyea klas aprantisaj anliy jiska nouvèl òd.
- Chak enstitisyon ansèyman siperyè ap bay elèv ki anwole, konsèy ak oryantasyon spesifik.
  - i. Broward College: [bit.ly/2Wiwev6](http://bit.ly/2Wiwev6)
  - ii. Embry Riddle Aeronautical University: [bit.ly/2Wsr5Rx](http://bit.ly/2Wsr5Rx)
  - iii. Florida Atlantic University: [bit.ly/33kUkad](http://bit.ly/33kUkad)
  - iv. Florida International University: [bit.ly/38ZDyid](http://bit.ly/38ZDyid)
  - v. University of Florida: [bit.ly/2TWZC8V](http://bit.ly/2TWZC8V)
- De pwogram *Workforce Dual Enrollment CTACE* avèk Broward College, Maritim e Aviyasyon, pa gen opsyon ansèyman adistans. Broward College annonse klas pratik nan milye travay sispann jiskaske klas fasafas reprann. Sa va gen yon enpak sèlman sou lekòl South Broward High School ak Miramar High School.
- *Embry Riddle Aeronautical University (ERAU)*, Inivèsite aewonotikal Embry Riddle, ofri klas disponib sou Entènèt, men pa tout, apati Mèkredi, 18 Mas. Inivèsite ERAU rete fèmen jiskaprezan akòz vakans prentan li pwolonje. BCPS ak ERAU va bay elèv konsèy ak oryantasyon le Madi, 17 Mas, konsènan klas anwolman doub.

### 12. Kisa k'ap rive estaj mwen oswa pwogram aprantisaj mwen?

- Pandanke BCPS fèmen, elèv-yo pap patisipe nan estaj oswa pwogram aprantisaj. Sa enkli pwogram maritim e aviyasyon, *Marine & Aviation Workforce Dual Enrollment (WDE)*, avèk Broward College epi pwogram konstriksyon, *Construction Pre-apprenticeship*, avèk asosiyasyon *Associated Builders and Contractors (ABC) Institute*. Patisipasyon nan espèryans aprantisaj nan travay grasa pwogram *Early Childhood Education* ak espèryans nan klinik grasa pwogram Allied Health, tout pwogram-sa sispann poulemoman.
- Yo va founi elèv-yo le 30 Mas, si lekòl rete fèmen apre dat-sa-a, konsèy ak oryantasyon sou espèryans pratik, an pèsonn, travay ann aprantisaj vityèl grasa devwa dijital, pwodiksyon web ak/oswa sipò telefòn.

### 13. Kijan mwen ka mande yon relvednòt (transkrip) pou aplikasyon kolèj, bous, oswa pou lòt oswa itilizasyon?

- Elèv ayeskoul ka mande transkrip-yo sou sit Naviance. Ou ka gen aksè nan Naviance nan paj LaunchPad pou elèv sou sit [sso.browardschools.com](http://sso.browardschools.com). Ou va jwenn plis enfòmasyon nan kesyon nimewo 3 anwo a.

### 14. E kondisyon ekzijib pou è sèvis kominoté (community service hours)?

- Li twò bonè pou detèmine si kondisyon pou sèvis kominoté, ki ekzijib pou gradyasyon, va gen yon enpak akòz fèmti nan lekòl Distri a.
- Elèv ki fè volontarya nan kominote a grasa efò-yo oswa grasa mwayen dijital dwe kenbe yon rejis è ak pwodi/kontribisyon. Soumèt dokiman an lè yo retounen lekòl. BCPS Service Learning rejis kontwòl disponib sou sit [browardschools.com/studentvolunteerlogsheets](http://browardschools.com/studentvolunteerlogsheets).

## 15. Kijan nou ka ankadre aprenan ki jenn (jiska laj senk - 5 ane)?

- BCPS kreye resous pou paran sou sit [bit.ly/SupportingYoungLearners](https://bit.ly/SupportingYoungLearners)
- Plizyè patnè BCPS founi resous pa-yo, ki disponnib. Anpil nan resous sa-yo **entegre nan kourikoulòm BCPS** nan Canvas. Resous-yo gen ladann:
  - i. Aprann Lakay avèk Scholastic, Inc.: [classroommagazines.scholastic.com/support/learnathome.html](https://classroommagazines.scholastic.com/support/learnathome.html)
  - ii. Lakay Sipò Aprantisaj de Houghton Mifflin Harcourt: [bit.ly/3a5pxR2](https://bit.ly/3a5pxR2)
  - iii. Klas toulejou de Khan Academy pou Preskolè rive 2zyèm ane (Pre-K -2nd Grade): [bit.ly/3d1s5BP](https://bit.ly/3d1s5BP)
  - iv. Istwa, aktè selèb fè lekti liv pou elèv-yo. Ale sou sit [storylineonline.net](https://storylineonline.net)

## 16. Èske ane eskolè a bezwen pwolonje?

- Lekòl-yo va fèmen jiska 15 Avril, 2020.
- Li two bonè pou konnen si ane eskolè a va pwolonje apre dat Madi, 2 Jen, 2020.
- Nou mande lekòl-yo prepare-yo pou rete louvri jiska 30 Jen, 2020.
- Desizyon pou konnen si ane eskolè a va pwolonje, desizyon sa va fèt apre dat ki detèmine pou elèv-yo retoune lekòl, chanjman nan lwa ak regilasyon leta, epi ak direktiv depatman Edikasyon Leta Florid va respekte. Yo bay Commissioner of Education otorite pou modifiye oswa renonse a kondisyon è enstriksyon minimòm.
- Chak lekòl dwe konfòme-yo ak kondisyon leta sou jan li delivre enstriksyon an. Distri a dokimante kantite è enstriksyon li ofri jiska 13 Mas epi Distri a va asire li konfòme l ak lwa Leta.
- Kondisyon ekzijib pou pwomosyon ak kredi ayeskoul esplike anba a:
  - i. Yon minimòm 900 è enstriksyon serye nan chak klas apati katyèm ane ak klas apre.
  - ii. Ayeskoul ki gen orè blòk apwouve ekzije yon minimòm san ven (120) è enstriksyon pou yon kredi konplè ak swasantè (60) è enstriksyon pou mwatye kredi.
  - iii. Ayeskoul ki gen yon orè regilye ekzije yon minimòm san trent senk (135) è enstriksyon serye pou yon kredi konplè ak swasant sètè edmi (67.5) enstriksyon serye pou mwatye kredi.

**Bezwen plis enfòmasyon? Lòt kesyon konsènan akademik?  
Tanpri voye yon imel bay [cao@browardschools.com](mailto:cao@browardschools.com)**

**Pou plis enfòmasyon ak mizajou, vizite [browardschools.com/coronavirus](https://browardschools.com/coronavirus).**

**Tanpri pran nòt chanjman nan enfòmasyon fèt  
toutan epi mizajou enfòmasyon va fèt ositoke posib.**

**The School Board of Broward County, Florida** Lori Alhadeff • Robin Bartleman • Heather P. Brinkworth • Patricia Good • Donna P. Korn  
Laurie Rich Levinson • Ann Murray • Dr. Rosalind Osgood • Nora Rupert • Robert W. Runcie, Superintendent of Schools

The School Board of Broward County, Florida, entèdi tout regleman oswa pwosedi ki lakòz diskriminasyon sou baz laj, koulè po, andikap, idantite seksyèl, espresyon seksyèl, eta sivil, nasyonnalite, ras, relijyon, sèks oswa oryantasyon seksyèl. School Board bay Boy Scouts ak lòt gwoup jenn ki deziye, aksè egal. Moun ki vle pote plent kont diskriminasyon ak/oswa arasman ka kontakte Direktè, depatman Equal Educational Opportunities/ADA Compliance Department & Kodonatè Ekite Distri a/Kodonatè Title IX nan nimewo 754-321-2150 oswa Teletype Machine (TTY) 754-321-2158. Dapre amannman lwa Americans with Disabilities Act Amendments Act of 2008 (ADAAA), moun ki bezwen akomodasyon ka kontakte depatman Equal Educational Opportunities/ADA Compliance Department nan nimewo 754-321-2150 oswa Teletype Machine (TTY) 754-321-2158. [browardschools.com](https://browardschools.com)